

**Pa Presidan  
Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye  
nan Premye Prezidans lan



# Toujou nan Mitan

**S**elon anpil kalandriye mond lan, Jiyè se mitan ane a. Pandan ke yo toujou sonje ak selebre kòmansman ak fen bagay yo, mitan bagay yo souvan pase inapèsi.

Kòmansman yo se moman pou pran rezolisyon, pou kreye plan, pou eklatman enèji. Fen yo se moman pou rilaks e yo ka enplike santiman akonplisman oswa pèt. Men avèk bon jan pèspektiv, konsidere tèt nou kòm *nan mitan* bagay yo kapab ede nou non sèlman konprann lavi a yon ti jan pi byen men tou viv li yon fason ki yon ti jan pi siyifikatif.

## Mitan Travay Misyonè a

Lè m ap pale avèk jèn misyonè nou yo, souvan mwen di yo ke yo nan mitan misyon yo. Ke yo fèk rive jou anvan an ke yo gen pou retounen lakay yo jou apre a, mwen mande yo pou yo konsidere tèt yo kòm moun ki nan mitan misyon yo.

Nouvo misyonè yo gen dwa santi yo twò manke eksperyans pou yo efikas, epi konsa yo pran tan anvan yo pale oswa aji avèk konfyans ak konviksyon. Misyonè eksperyans ki prèske fini misyon yo gen dwa santi yo tris dèske misyon yo ap fini, oubyen yo gen dwa ralanti lè y ap panse ak sa yo pral fè apre misyon yo.

Kèlkeswa sikonstans yo e kèlkeswa kote yo sèvi, laverite sèke misyonè Senyè a yo ap simen semans bòn nouvèl enkalkilab chak jou. Panse ak tèt yo kòm moun ki nan mitan misyon yo ap bay reprezantan fidèl Senyè sa yo kouraj ak enèji. Menmjan sa ye pou misyonè aplentan yo, se menm jan sa ye pou nou tout tou.

## Nou Toujou nan Mitan

Chanjman nan pèspektiv sa a plis pase yon senp atrap nan lespri a. Gen yon gwo verite dèyè ide ke nou toujou nan mitan an. Si nou gade ki kote nou sitiye sou yon kat, nou tante pou di ke nou nan yon kòmansman. Men si nou gade pi byen, kèlkeswa kote nou ye se senpleman nan mitan yon pi gwo plas.

Menmjan sa ye nan zafè espas, se konsa sa ye avèk tan tou. Nou kapab santi nou nan kòmansman oswa nan fen lavi nou, men lè nou gade kote nou ye nan kontèks letènite — a, lè nou rann nou kont ke lespri nou egziste pandan yon tan ki depase kapasite nou pou nou mezire epi, akozde de sakrifis pafè ak Ekspyasyon Jezikri a, ke nanm nou ap egziste pou yon etènite k ap vini an—nou kapab rekonèt ke nou reyèlman nan mitan.

Dènyèman mwen te santi m pouse pou refè plak ki te sou tonm paran m yo. Tan an pa t bon nan zòn tonm nan, epi m te santi ke yon nouvo plak t ap pi bon pou lavi egzanplè yo. Lè m te gade dat nesans yo ak dat lanmò yo sou plak la ki te relye pa ti trèdinyon ensiyifan an, ti senbòl sa a ki reprezante tout yon vi te ranpli lespri m ak kè m toudenkou avèk yon bann bèl souvni. Chak nan bèl souvni sa yo replete yon moman nan mitan lavi paran m yo ak nan mitan lavi m.

Kèlkeswa laj nou, kèlkeswa kote nou ye, lè bagay yo rive nan lavi nou, nou toujou nan mitan. Sa nou ka ajoute sèke n ap toujou nan mitan.

## Espwa pou nou nan Mitan

Wi, ap gen moman kòmansman ak moman fen pandan tout lavi nou, men moman sa yo se sèlman makè

yo ye sou wout gwo mitan lavi etènèl nou. Ke nou nan kòmansman an oubyen nan fen an, ke nou jèn oswa aje, Senyè a kapab sèvi avèk nou pou bi li si nou senpleman mete akote kèlkeswa panse ki limite kapasite nou pou sèvi ak pèmèt volonte li fòje lavi nou.

Salmis la di: “Ala yon bèl jounen Senyè a ban nou; nou [dwe] ap fè fèt, epi fè kè nou kontan” (Som 118:24). Amilèk raple nou ke “lavi sa a se lè pou lèzòm prepare yo pou rankontre Bondye; wi, reyèlman *jou lavi sa a* se jou pou lèzòm fè travay yo” (Alma 34:32; anfas ajoute). Epi yon powèt ekri: “Pou tout tan—konpoze ak yon bann Kounyeya.”<sup>1</sup>

Toujou nan mitan vle di ke jwèt la pa janm fini, espwa pa janm pèdi, defèt pa janm final. Paske kèlkeswa kote nou ye oubyen kèlkeswa sikonstans nou, yon etènite kòmansman ak yon etènite fen layi te devan nou.

Nou toujou nan mitan.

#### NÒT

1. Emily Dickinson, “Forever—is composed of Nows,” in *The Complete Poems of Emily Dickinson*, ed. Thomas H. Johnson (1960), 624.

### ANSEYE MESAJ SA A

Panse pou diskite avèk fanmi an jan yo “toujou nan mitan,” menm si yo nan kòmansman oswa nan fen yon bagay. Ankouraje yo pou yo fè pi byen posib nan aktivite yo genyen kounyeya, pou yo pa rete sou lepase ni tann aktivite oswa pwojè ki ap vini an. Ou gen dwa sigjere pou yo chwazi yon bagay yo kapab fè an fanmi pou aplike konsèy sa a epi fikse yon dat kote yo espere atenn bi sa a.

## JÈNÈS

### Nan Mitan Preparasyon W pou yon Misyon

**P**rezidan Uchtdorf di misyonè yo pou yo panse a tèt yo kòm moun ki nan mitan misyon yo. Nou menm tou nou ka aplike ide sa a pou preparasyon nou pou

misyon: ke nou gen 12 oubyen 18 an, nou kapab prepare pou sèvi yon misyon.

Ki bagay ou ka fè “nan mitan” preparasyon misyon w lan?

- Toujou diy pou ale nan tanp.
- Aprann rekonèt enspirasyon Sentespri a nan ekri enspirasyon ou resevwa yo epi aji selon yo.
- Priye pou misyonè yo.
- Mande misyonè nan zòn ou an kisa yo rekòmande w pou fè pou prepare w pou ou sèvi yon misyon.
- Aprann jere tan w efikasman, ansanm avèk aktivite enpòtan tankou sèvis, etid ekriti, ak ekri nan journal ou.
- Lè w ap pale avèk yon manm fanmi an, pataje yon ekriti ki te enspire w resamman. Eksplike sa w panse de ekriti a.
- Poze zanmi w yo kesyon sou relijyon yo ak sa yo kwè. Dispoze pou pataje kwayans ou. Envite yo nan aktivite legliz la.

Si ou rekonèt ke ou nan mitan preparasyon misyon w lan, ou kapab viv lavi w yon fason pou w diy de konfyans Senyè a ak konpayi Sentespri a.

## TIMOUN YO

### Chak moun kapab fè yon bagay kounyeya

1. Prezidan Uchtdorf anseye ke kèlkeswa laj ou, ou kapab fè yon bagay pou ede lòt moun. Nan journal ou oubyen sou yon moso papye, fè lis don ou oswa talan w yo. Mande paran w yo kisa yo panse don w yo ye.
2. Kijan ou ta kapab sèvi avèk don w yo pou ede lòt moun?
3. Nan fen lis don w yo, ekri yon fason ou kapab sèvi avèk don sa yo pou ede lòt moun semèn sa a.



# Demontre Ou Se Yon Disip pa mwayen Lanmou ak Sèvis

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Sèvi avèk kesyon yo pou ede w fòtifye sè w yo epi fè Sosyete Sekou a jwe yon wòl aktif nan pwòp vi pa w.*

Lafwa, Fanmi, Sekou

**P**andan tout lavi mòtèl Li a, Jezikri te montre lanmou L pou lòt moun nan sèvi yo. Li te di: “Si nou youn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye” (Jan 13:35). Li te bay egzanp la e li vle pou nou “sekouri moun ki bezwen sekou nan men nou” (Mozya 4:16). Li mande disip Li yo pou yo travay avèk Li nan Ministè l la, pandan li ba yo opòtinite pou yo sèvi lòt moun epi vin pi sanble avèk li.<sup>1</sup>

Sèvis nou kòm enstriktis nan fwaye ap sanble plis ak ministè Sovè nou an lè nou montre lanmou nou pou moun n ap vizite yo nan fè bagay sa yo:<sup>2</sup>

- Sonje non yo ak non manm fanmi yo epi vin aprann konnen yo.
- Renmen yo san nou pa jije yo.
- Veye sou yo epi fòtifye lafwa yo “youn pa youn,” jan Sovè a te fè a (3 Nefi 11:15).
- Etabli amitye sensè avèk yo epi vizite yo lakay yo ak lòt kote.

- Pran swen chak sè. Sonje jou fèt yo, gradyasyon yo, maryaj yo, batèm yo, oswa lòt moman ki siyifikatif pou yo.
- Lonje lamèn bay nouvo manm yo ak manm inaktif yo.
- Lonje lamèn bay moun ki pou kont yo oubyen moun ki bezwen rekonfò yo.

## **Apati Ekriti yo**

3 Nefi 11; Mowoni 6:4;  
Doktrin ak Alyans 20:47

## **Apati Istwa Nou**

“Nouvo Testaman an gen istwa kèk fi, non yo site ak sa non yo pa site, ki te egzèsè lafwa nan Jezikri. . . . Fi sa yo te vin tounen disip modèl [Yo] te vwayaje avèk Jezi ak Douz Apot li yo. Yo te bay tout sa yo te genyen pou te ede nan ministè L la. Apre lanmò li ak Rezirèksyon L, [yo] te kontinye rete disip fidèl.”<sup>3</sup>

Pòl te ekri yon fi ki te rele Febe, ki te “yon sèvant nan legliz la” (Women 16:1). Li te mande moun

yo pou yo te “ede li nan tout sa li ka bezwen, paske li menm li deja ede anpil moun” (Women 16:2). “Kalite sèvis Febe ak lòt gwo fi sa yo nan Nouvo Testaman an te rann nan kontinye jodia avèk manm Sosyete Sekou yo—dirijant yo, enstriktis nan fwaye yo, manman yo, ak lòt—ki ap aji kòm moun k ap pote sekou, oswa moun ki ap pote èd bay anpil moun.”<sup>4</sup>

## **NÒT**

1. Gade *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 105.
2. Gade *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 3.2.3.
3. *Daughters in My Kingdom*, 3.
4. *Daughters in My Kingdom*, 6.

## **Kisa m Ka Fè?**

1. Kijan m ap ogmante kapasite m pou nourri lòt moun?
2. Kisa m ap fè pou asire m ke sè m ap vizite yo konnen mwen renmen yo?

Pou plis infòmasyon, ale nan [www.reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).